

# **Lwa #4**

## **Sou pwopriyete riral yo**

### **CHAPIT I**

#### **LWA PWOPRIYETE RURAL**

**Atik 20.** Byen riral yo, mobil ak immobilier, gouvène pa dispozisyon Kòd Sivil la.

**Atik 21.** Mèt tè a gen obligasyon pou kiltive, esplwate ak pwoteje tè a, konfomeman a Konstitisyon an sou dispozisyon aktyèl Kòd la sou kilti yo ak lwa Agrè yo.

**Atik 22.** Eksplwatasyon yo gen ladan yo fèm yo, plantasyon yo ak jaden yo.

**Atik 23.** Fèm lan se eksplwatasyon senk (5) ekta oswa plis e ki òganize avek omwen yon kay rezidansyèl, yon etab oswa yon depo, kek jaden, patiraj klotire, yon bèf oswa yon manman kochon, oswa de kabrit, oswa de mouton.

**Atik 24.** Plantasyon an se eksplwatasyon senk (5) ekta oswa plis ki pa ranpli kondisyon atik presedan an.

**Atik 25.** Tout eksplwatasyon ki mwens ke senk ekta e ki pa ranpli kondisyon endike avan yo rele jaden.

**Atik 26.** Yon etablisman pou plezi pap ka okipe plis pase yon tyè yon tè ki nan zòn riral apwopriye pou kiltivasyon. De lòt tyè yo nan fon an dwe kiltive, eksplwate, an akò ak Konstitisyon an e ak lwa yo.

**Atik 27.** Byen riral ki pou peyizan yo pa ka vann ak kondisyon pou re-achte, ni ipoteke ak kloz “**vwa pare**”. Tout akò ki konkli an vyolasyon ak dispozisyon sa a otomatikman anile de nilite absoli e par lòd piblik.

## **CHAPIT II DWA ASESYON**

**Atik 28.** Dispozisyon ki nan Kòd Sivil la ki gen rapò ak dwa akizisyon sou byen riral yo.

Men, lè konstriksyon ak travay yo se konstitiye a amelyorasyon tè a, nesesè a eksplwatasyon tè a, mèt tè a pap ka egzije yo kraze li ni moun ki te konstwi oswa etabli yo pap ka deside sa. Amelyorasyon sa yo ap rete pou tè a epi mèt tè a dwe evalye pri yo

**Atik 29.** Amelyorasyon tè a vle di tout travay, konstriksyon, kanal, drenaj ak ouvraj dar, kloti, debwazman, dechousman, chemen ak pon, ki fè lajan ale a destination apwopriye li epi nan yon kondisyon pou eksplwate ekonomikman.

Amelyorasyon agrikol yo se sak ajoute randman nan pwodiksyon sol la, angrè, konpos, pay, silfat kwiv oswa souf, ajoute marn.

**Atik 30.** Pwopriyetè yon myèl gen dwa reklame li epi sezi li tanke li pa sispann pran swenl li: sinon myèl la pou mèt tè kel sou li a.

Mèt tè ki gen myèl la sou li a ap kapab egzije ke moun ki ap reklame a pwouve ke li se vrè pwopriyetè a. Prèv pa temwen yo pral admisib.

## **CHAPIT III “IZIFWI” BYEN RIRAL YO**

**Atik 31.** Dispozisyon Kòd Sivil la ki gen rapò ak izifwi yo e ki ka aplike a izifwi byen riral yo.

**Atik 32.** Izifwitye yon byen riral, sikesè li yo ak an jeneral tout moun ki, pa yon kontra kelkonk, li pral ranplase e jwi totalman oswa pasyèlman kay lan yo tankou pwopriyetè a, sijè a obligasyon pou kiltive, eksplwate ak pwoteje tè a.

Tè an pral konsidere kom devlope, si li gen de tyè ki kiltive oswa gen patiraj, oswa gen espès forestyè.

**Atik 33.** Izifwitye a ka deklare kantite lajan amelyorasyon tè a te nesesite pou devlopman sa kont pwopriyetè amwen ke li pa te mansyone nan Ak Izifwi a, oswa dire Izifwi a pa plis pase ven ane.

Sepandan, nan dènye ka sa, depans pou amelyorasyon ki te fèt nan senk dènye ane ap jwi/outilize yo toujou ranbousab, konsideran depresyasyon an. Izifwitye a dwe avèti pwopriyetè an avan tout amelyorasyon yo.

**Atik 34.** Amelyorasyon agrikòl yo se kont izifwitye a yo ye.

## CHAPIT IV SÈVITID

**Atik 35.** Dispozisyon Kod Sivil la ki gen rapò ak sèvitid yo aplikab pou byen riral yo.

**Atik 36.** Pwopriyetè yon byen riral, ki, akoz sitiyasyon li, gen pou li resevwa dlo ki ap koule natirèlman soti nan yon tè ki pi wo san ke yon moun pat enplike nan sa, paka leve mi ki anpeche ekoulman sa, men li ka ka fè nenpot konstriksyon ki facilite ekoulman dlo a sou tè li an. Si nati tè a mande pou travay la pwolonje sou yon pati nan tè piwo a e ke mè tè sa refize bay konsantman li, pwoblèm nan dwe soumèt devan Jij Depè konpetan.

ke li dakò, ke li pa dakò, mèt tè a dwe sibi sèvitid sa san okenn dedomajman.

**Atik 37.** Tout pwopriyetè ka oblige vwazen ki pre bòn ak balistrad sou lizyè kay yo pou fè yon kloti komen. Travay sa pral fe ak lajan 2 pati yo.

**Atik 38.** Tout pwopriyetè ka, selon limenm, klotire tè li san li pa deranje sepandan, dwa de pasaj ke mèt yon tè pa anndan ka genyen.

Kloti yo kapab an beton, an fil fè babele, an griyaj metalik oswa konstwi an mi sèk oubyen ak flè/kandelab ki li menm pap ka mezire pi plis ke 2 mèt wotè ak 0.75 mèt epesè epi ki pap gen okenn plant parazit ladaml. Kloti ak pikèt yo e kloti ak planch yo pap ka fèt san otorizasyon yon reprezantan kalifye Depatman agrikilti oswa nenpòt lot òganis konpetan.

**Atik 39.** Dwa de pasaj la pa pèmèt okenn dedomajman ke sauf lè dega fèt apre dwa pasaj la fin bay.

Mèt tè ki ap benefisyè sèvitid la pral ka plase pasaj la si jan li eksplwate tè li a mande sa, depi sa pap koze okenn dega serye pou mèt tè ki devan ; antouka, premye pasaj la pap ka fini avan dezyèm nan fini.

Yo ka rele mèt tè ki ap benefisyè a pou li bay prèv nesesite plasman pasaj la.

**Atik 40.** Sèvitid yo ki gen rapò ak dwa itilizasyon kanal irigasyon ak drenaj yo kontwole pa atik 132, 133, 134, 135, 136, 137, 138, 139, 140, 141, 142, 143, 144, 145, 146, 147, 148, 149, 150, 151, 172, 173, 174, 175, 176, 177, 178, 179, 180, 181 *nan Kòd aktyèl* la .

## **Lwa #5**

# **SOU KILTIVASYON, EKSPLWATASYON AK PWOTEKSYON TÈ A.**

### **DISPOZISYON PRELIMINÈ**

**Atik 41.** Kiltivasyon, eksplwatasyon ak pwoteksyon konstitiye, menm jan ak tè a li menm, yon fonksyon sosyal.

**Atik 42.** Libète pou travay agrikòl la fèt sou kontwòl et ak asistans Leta, Komin yo, ak Konsèy Administrasyon Seksyon riral yo.

**Atik 43.** Tout endividé, tout sosyete, tout koliktivite ki gen posesyon oswa ap benefisye moso tè ki kiltivab.

**Atik 44.** Sosyete swadizan koperativ benefisye de yon pwoteksyon spesyal le yo konsakre a kiltivasyon, eksplwatasyon oswa a pwoteksyon tè a.

## **CHAPIT I**

### **SEKSYON I**

#### **KILTIVASYON YO**

**Atik 45.** Tout kiltivatè peyizan avan yo kòmanse amelyore oswa re-amelyore yon moso tè, ap ka reklame yon analiz tè a atravè yon ajan konpetan Depatman Agrikilti oswa yon ajan kalifye de nenpòt lòt òganis konpetan. Lap jwenn rezulta analiz sa gratis.

**Atik 46.** Depatman Agrikilti oswa nenpòt lòt Organizasyon konpetan ap di ki kiltivasyon ki apwopriye ak tè a selon rezulta analiz la ki mansyone nan atik avan.

Ajan konpetan Depatman Agrikilti oswa ajan kalifye nenpòt lòt òganizasyon konpetan, dwe mete li a dispozisyon kiltivatè a pou tout lòt eksplikasyon an plis, tout ransèyman, tout konsèy ki gen rapò ak sigjesyon ki mansyone nan fèy analiz la.

**Atik 47.** Si yon pòsyon tè se kiltivasyon danre eksplwatasyon avèk pwodwi konsomasyon lokal li ka fè, Depatman Agrikilti oswa nenpòt lòt òganizasyon konpetan pral di ki kaltite kiltivation ki dwe fèt chak pòsyon tè.

San yon preskripsyon patikilye, yon tyè pòsyon tè a pral konsakre a pwodiksyon danre eksplwatasyon, pwodwi nesesè pou endistri lokal yo ak viv alimantè.

**Atik 48.** Tout moun ki responsab pou kiltive yon pòsyon tè dwe aplike amelyorasyon ke ajan Depatman Agrikilti oswa lòt ajan kalifye lòt òganizasyon konpetan yo preskri a.

**Atik 49.** Amelyorasyon ke ajan konpetan Depatman Agrikilti oswa ajan kalifye nenpòt lòt òganizasyon konpetan rekòmande pou tè a dwe fèt pa responsab legal oswa avèk lajan li.

**Atik 50.** Metòd kiltivasyon spesifik pou devlopman tè zon riral yo pral aplike selon lwa spesifik, ajan konpetan Depatman Agikilti oswa ajan kalifye nenpòt lòt òganizasyon konpetan detèmine.

**Atik 51.** Nenpòt moun oswa nenpòt konpayi ki responsab pou devlopman yon pòsyon tè ta dwe, depi li posib, itilize zouti mekanik agrikòl, epi, nan ka espesyal, Depatman Agrikilti ka mande pou, anba sanksyon legal, pou yo sèvi ak enstriman sa yo.

**Atik 52.** Nan bi pou yo mekanize kiltivasyon tè a, ajan konpetan Depatman Agrikilti oswa ajan kalifye nan nenpòt ki lòt òganizasyon konpetan ka mande retire kloti separasyon ant tè riral vwazen ki piti yo.

**Atik 53.** Kiltivatè a oswa benefisyè a dwe fè tout travay esansyèl pou antretyen ak pwoteksyon rekòt yo, jan li rekòmande pa ajan konpetan Depatman Agrikilti oswa ajan kalifye nan nenpòt lòt òganizasyon konpetan.

**Atik 54.** Jaden kiltive yo ta dwe oswa netwaye osi souvan ke sa nesesè, an patikilye sou rekòmandasyon ajan konpetan Depatman Agrikilti oswa ajan kalifye nan nenpòt lòt òganizasyon konpetan.

**Atik 55.** Sistèm irigasyon oswa drenaj yo pral etabli swa pa l'Eta, komin yo oswa pa kiltivatè yo konbine efò yo nan aksyon kominotè. Nan dènye ka a, Konsèy Administrasyon seksyon riral yo ak ajan kalifye Depatman Agrikilti oswa nenpòt lòt òganizasyon konpetan ap pran inisyativ mouvman ki nesesè pou etablisman travay ki apwopriye yo.

**Atik 56.** Nan tout ka kote gen danje oswa menas pwopagasyon yon maladi enfektyez, envazyon ensèk oswa lòt bêt nwizib, nan tout ka kote yon kalite oswa varyete vejetal ta ekspoze a yon ibrid atifisyèl nwizib a kalite li. Depatman Agrikilti oswa nenpòt lòt òganizasyon konpetan kapab, atravè kominike, swa entèdi kiltivasyon yon plant nan yon zòn oswa sou tout teritwa Repiblik la, epi òdone destriksyon plant sa nan zòn nan oswa sou teritwa an kesyon an, swa mete kiltivasyon plant sa anba kèk restriksyon ak kèk kondisyon.

Règleman karantèn Depatman Agrikilti oswa nenpòt lòt òganizasyon konpetan, kouvri manipilasyon, tretman, transpò, itilizasyon nenpòt pati nan plant lan, pwodwi li yo ak anbalaj vesò li an.

**Atik 57.** Tout Benefisyè ki ta gen jaden li gravman afekte pa maladi oswa ki ap sibi yon gwo envazyon ensèk oswa lòt bêt nwizib dwe rapòt sa bay reprezantan kalifye Depatman Agrikilti oswa a yon ajan nenpòt òganizasyon konpetan oswa Konsèy Administrasyon seksyon riral la, oswa a yon ofisyè polis konpetan.

Benefisyè dwe swiv tout enstriksyon reprezantan Depatman Agrikilti oswa lòt òganizasyon konpetan ki gen rapò ak lit kont maladi oswa kont bêt nwizib.

**Atik 58.** Okenn rekòt pap ka fèt anvan pwodwi yo gen matirite.

Tout keyèt, tout rekòt pwodwi yo pral fèt selon metòd ki apwopriye yo, endike pa lwa patikilye yo oswa preskri pa ajan konpetan Depatman Agrikilti oswa ajan nenpòt lòt òganizasyon konpetan.

**Atik 59.** Fwi, grenn oswa kokon ki deteryore nan yon fason oswa yon lòt lè tonbe sou tè a, yo dwe keyi sou pye a ak swen epi mete yo nan vesò ki apwopriye epi pwòp.

**Atik 60.** Tout eksplwatasyon riral ki gen plis pase ven ekta kote travayè agrikòl abite pandan plis pase twa mwa ap gen ladan yon rezèv tè pou pwodiksyon viv alimantè yo ap bezwen.

Kantite ouvriye ak kapasite pwodiksyon tè a pral detèmine gwosè rerzèv la.

Rezèv la pral kiltive selon yon plan rotasyon ki deside pa ajan konpetan Depatman Agrikilti oswa nenpòt lòt òganizasyon konpetan ki dako ak mou ki ap eksplwate a. Moun sa ap bay zouti agrikòl yo

Rezèv la pap nesesè le moun ki ap eksplwate tè a bay ouvriye li yo manje nan yon pri avantaje oswa lè viv yo antre déjà nan rotasyon ke yo te chwazi pou eksplwatasyon an.

**Atik 61.** Konsèy Administrasyon seksyon riral yo, ofisyè Polis Riral la yo, sak nan Polis Agrikòl la yo, ajan konpetan yo, asire yo a kenbe antouzyas kay kiltivatè yo epi aplikasyon nan etablisman, entretyen, pwoteksyon jaden yo ak rekòt pwodwi tè a.